


CHIRAIRO

 ...Ishe. Uye tine hurombo zvirokwazvo kuti hatina zvigaro zvinokwana vanhu, uye kune avo va—vadzviswa kupinda, avo vari panze. Ndangonzwa, nguva shoma yapfuura, kwataigona kuwana horo yemitambo muNew Albany, ingadai zvimwe yatakura vanhu vangangosvika 3,000. Asi bedzi tangova... Rumutsiriro rwanga rwuchingova chete rweboka diki pano pachechi. Uye—uye tangova nekanguva kadiki kekuuya kumusha. Uye tinofara zvikuru kukuonai mese mukati.

² Kana ndisiri kukanganisa, ndiri kuona hama yangu yekuGeorgia pano. Hama, handikwanise kudaidza zita renyu iko zvino; Palmer, vanobva kuMacon, Georgia. Tinofara kuva nemi pano, Hama Palmer.

Hama Creech, vari kuno kumberi, tinofara kukuonai.

³ Uye ndinoziva kuti pane imwe nzvimbo muchivakwa chino pana Chiremba Lee Vayle, mumwe wevari kutsigira nemari mu—musangano kuLima, Ohio, uko ku... Ndivo mufundisi wechechi yeFirst Baptist, uye sha—shamwari yangu chaiyo. Vanga vari kumusoro kumba nhasi, uye vauya kuzotishanyira kuburikidza nemusangano. Isu zvichida, humwe hwehusiku, tichavaita kuti vasimuke vagotaura chimwe chinhu. Ndaedza kuvaita kuti vatore nzvimbo yangu manheru ano, kuti vagotaura, zvino vazviramba. Saka tinovimba, zvichida, kuti zvichida mangwana manheru, kana imwe nguva, Hama Vayle kana vamwe ve... vachakwanisa kutaura shoko 1 kana 2, maererano nemusangano zvichida kana chimwe chinhu kumusoro ikoko, chero hacho icho Ishe vachaisa pamoyo pavo.

⁴ Pane vamwe pano vandinoshuva kuti dai ndangotora nguva yekuvacherechedza vese, asi tinofara nekuva kwenyu muri pano. Ndiri kuona mumwe muchinda mudiki kumashure uko, anova boka revashumiri vauya, vanga vandishanyira masikati ano, kubva mhiri kuArkansas uye zvakare nokubva kuMissouri.

⁵ Saka zvino, manheru ano, hatidi kupedza nguva, nekuti manheru ega—ega tichaedza kunge tapedza na 9 o'clock, kana zvichibvira. Manheru ano ndiwo manheru eChirairo, saka tichangoti pfuurirei nguva zvishoma manheru ano kudarika mazuva ese.

⁶ Mangwana manheru, Ishe vachitendera, ndinoda kuparidza pamusoro pokuti: *Naizvozvo Ivai Vakakwana uye Chibairo Chakakwana*, mangwana manheru. Uye, zvakare, ndicho Chishanu Chakanaka.

⁷ Uyezve neMugovera manheru inenge iri nyaya ye*Kuwigwa Mubwiro*, kana Ishe vachitendera.

⁸ Svondo mangwanani, shumiro yepaKubuda kwezuva na 6 o'clock. Uye na 10 o'clock, shumiro yerubhabhatidzo. Uye 10:30, chidzidzo cheSunday school, cherumuko.

⁹ Uye Svondo manheru, shumiro yemazuva ese yekunamatira vanorwara seyatinayo kunze uko mu—mumunda wekuvhangera.

¹⁰ Saka, zvino tiri kuvimba kuti muchawana shamwari vatadzi, nevamwe vakadaro, uye mugouya kuzova nesu, uye motibatsira mumusangano uyu uri kuuya...kuenderera mberi kwemusangano uno, waro.

¹¹ Ndine Bhaibheri idzva, manheru ano, randakapihwa neimwe, hama yechiDunkard. Uye rakaita sechinhu chikuru. Ndekekutanga kuparidza kubva mariri. Handisati ndanyatsorijaira.

¹² Zvino, ndinoziva kuti tasangana nechinangwa chimwe chete, chinova icho, ku—kufambisa mberi chinangwa chaKristu, uye kuti tiwane rugare mumweya yedu, nekutiita varume nevakadzi vari nani, varanda vaShe vari nani. Uye kana tauyira imwewo pfungwa, zvinoka, ipapo hatizoropafadzwi naShe. Tauya kuzotsvaga rubatsiro. Tauya, takatarisa kuna Mwari. Zvakare ino imba yekugadziriswa, apo Mwari vanotipa maropafadzo aVo, uye votigadziriswa kubva kune zvakaipa.

Zvino tisati tavhura Shoko, kana—kana kukumbira Mweya Mutsvene kuti utibatsire, ngatikotamisei misoro yedu.

¹³ Baba Vekudenga Vakaropafadzwa, muHupo hweNyu Hutsvene tinozvionza zvino, sevateereri kuEvhangeri, uye sevatauri veShoko; dzingisai miromo inotaura, nenzeve dzinonzwa, nemoyo inogamuchira. Uye dai Mweya Mutsvene wagovera kwatiri, manheru ano, uye wapa Chokwadi chenyasha dzaMwari dzeKusingaperi, kune mumwe nemumwe wedu; kuti, kana tabva muchivakwa chino, manheru ano, tichataura sevaya vaibva kuEmausi, “Ko moyo yedu haina kutsva here mukati medu, nekuti Ataura nesu munzira?” Nekuti tinozvikumbara nemuZita raJesu. Amen.

¹⁴ MuBhuku reEvhangeri yaMutsvene Mateo, muchitsauko 26, ndima 27 ne 28, kuitira musoro wenyaya ndinoda kuverenga.

Zvino akatora mukombe, uye akati avonga, zvino ndokuupa kwavari, akati, Inwai yose;

Nokuti iri iropa rangu retestamende itsva, rakadeurirwa vazhinji kuti varegererwe zivi.

Asi ndinoti kwamuri, handichatongonwizve zviwereko zvomuzambiringa, kusvikira zuva iro randichazonwa naro nemi patsva muushe hwaBaba vangu.

¹⁵ Uye zvino tichataura pamusoro pe: *Chirairo*. Uye uhu husiku hweChirairo chekutanga.

¹⁶ Uye chirairo chakaitwa, kutanga, kareko zasi muEgipita, chirairo chekutanga, chaiva gwayana re—repaseka rakabayiwa, waiva mufananidzo waKristu. Uye vazhinji vedu tinoziva nyaya iyoyo yekare yakaropafadzwa, yekuti avo vakadya chirairo zasi ikoko, vakafamba nemurenje kwemakore 40. Uye pava kabuda, pakanga pasina kana 1 ane hutera pakati pavo. Uye ipapo, kunyange nguwo dzavo dzakanga dzisina kana kumbosakara, kwemakore 40 Mwari vakanga vakadzichengeta.

Chivimbo chakaropafadzwa zvakadzi kwatiri manheru ano! Kana uyu waive mufananidzo, saka Kristu ndiye chaifananidzirwa chacho. Uye kuti Mwari vakadzikinura vana ava sei!

¹⁷ Uye, mukutora chirairo ichi, waiva mutsauko pakati pehupenyu nerufu. Avo vakanga vari mukati, pasi peropa rakadeurwa, ndivo vakatora chirairo. Hapana aigona kutora chirairo kunze kwekunge ari pasi peropa rakadeurwa. Ropa regwayana rakadeurwa kutanga, zvino ndokubva raiswa pachivivo nepagwatidziro. . . chivivo ndiro danda rakachinjika, uye nepagwatidziro. Zvino gwayana iroro rakagochwa, ndokubva. . . uye—uye ndokudyiwa nemiriwo inovava, uye vakazvisunga ivo pachavo. Mushure mekunge ropa radeurwa, uye vapfuura nepasi peropa rakadeurwa, vainge vakazvisunga uye vakagadzirira kufamba.

¹⁸ Uye zvino mufananidzo wakanaka kwazvo manheru ano, we, vanhu vanotora Chirairo havachafanirwa kuzvibanidza kana kudiyidzana nezvinhu zvenyika zvachose. Vanofanira kuuya pasi peRopa kutanga, uye vocheneswa kubva kuchivi chose, chinova kusatenda, uye ipapo vozopfeka gadziriro yeEvhangeri, vakapfeka nhumbi dzose dzekurwa nadzo dzaMwari, vakagadzirira kudanwa chero nguva zvayo.

¹⁹ Uye chaiva chi—chiratidzo chekuti ngirozi yerufu yaisakwanisa kupinda pasi peropa iroro. Ngirozi yerufu yaifanirwa kusimuka uye yoenda nepamusoro peropa. Zvino ndipo apo nyanduri akawana kufemerwa, achiti, “Kana Ndaona Ropa, Ndichakudarikai.”

Pakanga pava pedyo nenguva yekudzikinurwa pavakagamuchira chirairo, gwayana ra—rakagochwa nemi—miriwo yavakadya vasati vasimuka.

²⁰ Zvino, mune chinofananidzirwa chacho chatichataura nezvacho, aiva makore mazhinji akapfuura, manheru ano, apo Jesu akatora chatinoziva seChirairo chaShe, Chirairo. Uye pane chimwe chinhu pamusoro pachu, chekuti, Akanga ari kuzotaura kuvadzidzi vaKe. Uye ave pedyo nekuenda, Aida kunyatsotaurirana navo. Uye chi. . . Vakava nekamuri yakanga yakagadzirirwa. Yakanga iri nguva yekuyanana. Uye *chirairo* zvinoreva “kuyanana.”

²¹ Mazhinji emachechi vane Chirairo chenhengo dzavo chete, ndiko kuti, kuchechi yavo chete pavanoita Chirairo chavo, asi pano isu hatisi sangano, tine Chirairo chakazaruka kuna vose, nekuti tinotenda kuti mutendi wese ane kodzero yekuenda patafura yaShe, uye nekuyanana pazvinhu zvakanaka zvaMwari, nemutendi wese, zvisinei nechitendwa, ruvara, kana chii zvacho chaangava, kuti vose vakaitwa kunzi vanwe paropafadzo rimwe chetero, Kristu.

²² Zvino, nguva huru iyi yakanga yasvika kuna Ishe wedu, imwe yenguva dzekuyedzwa hurusa parwendo rwaVo rwese rwepanyika yakanga yaswadera pedyo. Nguva yekuyedzwa! Jesu akatopfuura nemumiyedzo, sekungopfuurawo kwatinoita nemumiyedzo. Uye Bhaibheri rakataura kuti, “Mwanakomana wese anouya kuna Mwari, anofanira kutanga ayedzwa, adzidziswa, agadziriswa.”

²³ Zvino, vanhu vazhinji, atori mangange chaiwo kana nguva yekuyedzwa iyi yasvika. Inguva yenzvimbo yekuratidza. Uye Bhaibheri rakati, “Kana tisingagone kumira pakuyedzwa, zvino tinobva tava vana veupombwe,” tinenge tichiti Mwari ndiBaba vedu, zvino ivo Vasiri Baba vedu. Nekuti kana isu chaizvoizvo, uye nemoyo wedu wose, takagamuchira Ishe Jesu seMuponesi wedu, hapana chinhu panyika pano kana chiri murima rose rekusingaperi chinga—chingatipatsanura zvachose kubva kurudo rwaMwari rwuri muna Kristu Jesu.

²⁴ Ndiri kushamiswa muzuva rino, uye ndagara ndichidaro apo vanhu vanozviti Makristu, zvino, muyedzo muduku wekutanga paunouya, vanowira kurutivi rwenzira. Zvinoratidza kuti kwaingova kuziva Kristu nenjere. Ndicho chikonzero vazhinji kwazvo vasina kubatirira nhasi, imhaka yekuti ruzivo rwenjere. Nezivo yenjere, unogona kuZvitenda, asi Zvinoenda mberi kupfuura izvoizvo. Kugamuchira Kristu, kugamuchira iye Kristu Pauzima.

²⁵ Vazhinji vedu tinogamuchira chinamoto cheChikristu nekudzidza chitendwa. Vamwe vanogamuchira Chikristu padzidziso dzerubhabhatidzo. Vamwe vanotenda kuti Makristu nekuda kwemamwe manyawi avakaita, zvakaita sekudanidzira, kana kutamba muMweya, kana kutaura nendimi, kana kuva nechimwe chipo chinoshamisa chekuti varatidze. Zvinhu zvose izvoizvo zvakanaka munzvimbo yazvo. Asi, kugamuchira Kristu, kugamuchira Kristu Pauzima, zvino ipapo zvimwe zvinhu izvi zvinobva zvangopinda mumutsara zvega.

²⁶ Zvino, kana Mwari vasina kurega Mwanakomana waVo Vomene pakuyedzwa kune utsinye, zvino haVangamborega iwe kana ini kubva pakuyedzwa kune utsinye.

²⁷ Zvino Jesu akanga ari pano akatarisana nemuyedzo mukurusa waAkati ambova nawo, Getsemane rakanga riri pamberi paKe chaipo, apo kuyedzwa kumwe chete ikoko uye

kwekupedzisira kunofanira kuuya, [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] apo mitoro yenyika yose yakaiswa pafudzi raKe rakaropafadzwa. Pakanga pasina kana 1 muMatenga ose kana panyika aikwanisa kumisdzana nawo kunze kwaKe. Uye kuziva kuti zvivi zvose, zvezvivi zvekare, nezvivi zvazvino, uye zvivi zveramangwana, zvaizorora pasarudzo iyi. Uye kwaiva kumwe kukunda kukurusa uko Kristu akambokunda, kana kuti akaraidza huMesiya hwaKe hukuru, sepaya paakati kuna Mwari, “Kwete kuda kwaNgu; kweNyu ngakuitwe.” Ndiko kukunda kukurusa kwaAkati ambohwinwa. Madhimoni ose okutambudza akanga akamukomberedza kuti aMupe muyedzo nekuMuyedza.

²⁸ Uye kana tikagadzirisana naMwari, moyo yedu ikange yakachena, uye Mweya Mutsvene watora nzvimbo yaWo mumoyo medu, chinhu chakanyanyisa kubwinya kuve nemuyedzo. Bhaibheri rinotiudza kuti, “Kuyedzwa kwedu nemiyedzo zvakakosha kwatiri kupfuura sirivheri nendarama zvenyika ino.” Saka, tiri, tinofanirwa kunge tichitenda.

²⁹ Handishuvire kuzviunza ini pachangu mune chimwewo chitiko, asi sekuuya kwazvaita mupfungwa dzangu, ndinorangarira muyedzo mukuru wekupedzisira wandakava nawo muchiitiko changu cheChikristu, kwaiva mhiri uko muchipatara kunze kuno paSpring Hill. Apo, mudzimai wangu akanga arere mumochari zasi kuno, ari chitunha, uye akanga achangobva muhupenyu huno, kunova naMwari. Uye kuyedzwa nemiyedzo zvakanga zvauya! Kwete zvekungoti mumwe munhu ari kuti, “Billy, uri muumburuki mutsvene.” Kana, ikoko kwakanga kusiri kuyedzwa kwakanyanya. Zvino mimwe miyedzo midiki iyi, nemimwe yakadaro, yekutsoropodzwa nevarume vandinoshandana navo, kwaisava kuyedzwa kwakanyanya. Asi nguva yangu huru yekuyedzwa yakasvika apo chiremba, Adair (vandakazvirondedzera kwavari nezuro muchipatara tigere pamwe chete), zvino vakati vauya vachidzika muhora kuzosangana neni, ndokundibata neruoko, vakati, “Billy, mwana wako ari kufa, uye hapana kana mukana wekuti ararambe. Ane tubercular meningitis.”

Ndakati, “Chokwadi handizvo, chiremba!” Apa amai vake vakarara, vari chitunha!

³⁰ Zvino ndokupindamo. Zvino vakati, “Chingouya neni.” Uye takaenda kurabhoritari, zvino ikoko vakanhonga kachubhu kegirazi kadiki, ndokukazunza. Zvino pakaita sekunge maiva nekamutsetse makari. Vakati, “Uhwo hutachiona hwemeningitis uye huri mumwana. Tatora izvi kubva mumuzongoza, kuti tibvise kugwinha-gwinha.” Uye vakati, “Mune izvi, taona kuti itubercular meningitis.” Vakati, “Akahuyamwa kubva kuna amai vake.” Uye vakati, “Mwana iyeye akararama, achazenge akaremara, achitambudzika. Asi,” vakati, “netsitsi dzaMwari, mwana uyu ari kuzova naamai vake.”

Ndakati, “Chiremba, ndinoda kuona mwana iyeye.”

Vakati, “Haukwanise kuzviita, Billy, nekuda kwaBilly Paul, mwanakomana wako.” Vakati, “Ungazotakura hutachiona hwacho kwaari.”

³¹ Uye, mushure mekuedza kundikurudzira nenzira yese yavaigona, pavakabuda muchivakwa, ndakaverevedza ndokudzika zasi mukamuri yepasi. Zvino pandakasvika ikoko, chipatara panguva iyoyo chakanga chisati chagadziriswa sezvachiri iko zvino, uye hwindo ranga rakavhurika neketeni ranga risipo, uye dzimwe nhunzi dzakanga dzaenda pamaziso emwana muduku uyu. Zvino ndakadzanga nhunzi ndokutarisa zasi pakamutumbi kake kadiki, kakaunyana, nemakumbo ake madiki achifamba-famba. Ndikati kwaari, “Sharry, mudiwa, unoziva baba here?”

³² Zvino zvaiita sekunge aiedza kuninira ruoko rwake rudiki kwandiri; ane mwedzi ingaita 8 kana 9 yekuberekwa. Zvino ndakamutarisa. Uye ainge achitambudzika zvikuru, mwana mudiki asina mhaka, kusvikira rimwe remaziso ake madiki ebhuruu rakapesana. Achirwadziwa zvikuru! Oo, ndaigona chero nguva ipi zvayo ndakazvitora ini, panzvimbo yake.

³³ Zvino ndakapfugama pasi nemabvi angu, nemikova yakavharwa, ndikati, “O Mwari, Baba, hoyo mudzimai wangu arere uko, amai vemwana uyu vakarara uko mumochari yevanoviga. Hoyu Billy Paul ari pamubhedha, ari kurwara. Zvino heuno mwana wangu, ari kufa. Imi chokwadi, Ishe, hamuzomutora. Ndinomuda. Uye akafanana naamai vake. Ndinoda kumurera. HaMungadarowo here ndapota, O Mwari, kuchengetedza hupenyu hwemwana wangu?”

³⁴ Zvino pandakatarisa kumusoro...Uye sezvamunoziva mose, ndagara ndichiona zviratidzo. Zvakaita sekunge jira dema rakatanga kubhedhenuka, richidzika, uye sekunge Mwari vakatora munamato wangu ndokuukanda uchidzoka kumeso kwangu chaiko. Ini ndikati, “Ndakaiteiko, nhai Mwari? Ndakadarika mirairo yeNyu here, kuti ndiwane kurangwa uku? Kana zvirizvo, iMi ingozvizarurai, uye ndichatendeuka. Ndichaita chero chii zvacho, asi musatore mwana wangu.” Zvino ndakaona kuti anga ari kuenda, zvakadaro. Ndakasimuka.

³⁵ Zvino ipapo muyedzi ndokuuya kwandiri. Ndiyo yakava nguva imwe mhupenyu hwangu hwese, yandinogona kuti, yaive nguva yakaomarara, Getsemane rangu. Pandainge ndichisina kunyatsobatirira pamubhedha, dhiyabhore akabva ati, “Hezvoka izvo. Ndiwo mubairoka wekuyedza kuMushumira. Unoreva here kuti Vanotoro amai vechidiki ava vane makore 22, ovaradzika uko sechitunha mumochari? Uye otera mwana anokosha uyu, nyama yako neropa rako iwewe? Uye okandira munamato wako kumeso kwako chaiko? Uye zvadaro unoreva here kuti uchaMushumira?”

³⁶ Ndakanga ndakamira pakati pepfungwa mbiri. Paifanira kuti paitwe sarudzo. Ndokubva ndaisa ruoko rwangu pamusoro wake mudiki, ndakati, “Ishe vakapa, uye Ishe vanotora, ngarirumbidzwe Zita raShe!” Ndakanzwa kurerukirwa.

³⁷ Ndakati, “Sharry, mudiwa, Baba havagone kuenda kwauri zvino, asi Baba vanogona kuzouya rimwe zuva. Ndichakuradzika paruoko rwaAmai vako, ndokuvigai, asi Baba vachakuonai zvakare rimwe zuva.”

³⁸ VaIsler, vanogona kunge vakagara muno iko zvino (handisi kukwanisa kuona nemuchaunga), vaimbova mukuru wedunhu reIndiana. Ndaikwidza nemugwagwa mukuru. VaIsler, ndinofungidzira munogona kunyatsozvirangarira.

³⁹ Ndakanga ndiine maoko angu kumashure kwangu, ndichikwidza kuenda kumakuva, pachangobva kuitika mafashamu, ndichichema. Ndaiwanzoendako manheru. Imwe njiva mutondo yekare yaigara mumuti, zvino yondiimbira. Zvaiita sekunge zasi nemumhepo dzemapaini nemimwe miti, zvaiita sekunge rwiyo urwu rwaizevezera mukati mayo, rwuchiti:

Kune Nyika iri mhiri kwerwizi,
Yatinoti kutapira kwekusingaperi,
Tinongosvika kumahombekombe iwayo
nechirevo chekutenda;
Mumwe nemumwe tinopinda nepasuwo,
Ikoko kunogara nevasingafi,
Rimwe zuva vacharidzira mabhero aya
endarama iwe neni.

⁴⁰ VaIsler, vachityaira motokari yavo yekare, vakabuda, ndokuisa noruoko rwavo rwakandimbudira. Vakati, “Ndakakunzwa uchiparidza pakona yemugwagwa, Billy; ndakakuona umire mutabhenakeri; ndakakunzwa pakuimbwa kwenziyo dzekunamata; kusimudzira kwawaiita Kristu, zvawakati Aiva!” Vakati, “Zvino Atora baba vako, munin’ina wako, mudzimai wako nemwana wako.” Vakati, “Zvino Anorevei kwauri?”

⁴¹ Ndakati, “VaIsler, kana Akanditumira kunzvimbo dzevakarasika, ndinongoramba ndichiMuda! Nekuti, rimwe zuva, zasi uko mukamba kemarasha kekare, chimwe chinhu chakaitika zasi muno mumoyo mangu, zvekuti hapana chinogona kuchibvisa. Hachisi chimwe chinhu chandakaita ini. Dzaive nyasha dzaMwari dzeKusingaperi dzakandibata munguva yesarudzo huru!”

⁴² Zvino apo Ishe vedu vakaropafadzwa, muGetsemane, pavaienda ikoko, paVakanga vara-...vari kuzorambwa kuJerusarema, uye dare rakanga riri kuzotora hupenyu hwaVo, apo magumo eKusingaperi emweya wese zvawo, wakambovapo kana kuti uchazovapo panyika, yakazorora pasarudzo yaKe.

43 Oo, wangu waiva mudiki kwazvo, uchienzaniswa neiwoyo! Wako waiva mudiki kwazvo, uchienzaniswa neiwoyo! Zvinosiririsa kwazvo kuti hatigone kumira patunhu tudiki utwu!

44 Asi munguva huru iyoyo yakakosha, kusvikira Atambudzika, achiziva zvinhu zvose, kusvikira mvura neRopa zvaparadzana mumutumbi waKe, uye madonhwe makuru eRopa rakaita sedikita akadonha kubva pahuma yaKe. Akafa rufu rwakakura muGetsemane kupfuura rwaAkaita pamuchinjikwa.

45 Akanga angori pachitiko cheizvi, hondo huru isati yatanga, zvino Akatora Chirairo. Akaunza vadzidzi vaKe pamwe chete, kuti ataurirane navo zvimwe zvinhu.

46 Uye ndiwo maitiro aAnoita iwe neni, hondo huru yehupenyu isati yatanga. Hondo huru yezvakanaka nezvakaipa isati yatanga kurwa mukati medu, Mwari vanotiunza kuGetsemane. Vanotiunza kuchirairo, uye Votaurirana zvose nezvazvo pamwe nesu.

47 Kunze uko kuPhoenix, Arizona, kwaimbova nekaboka kadiki kevatatu vaindiimbira, “Ndinoda kutaurirana naJesu. Ndinoda kuti, ‘Jesu, Makandida apo nzira yangu yakamanikana kwazvo. Pakwakanga kwakasviba zvikuru ndichisakwanise kuona zviru mberi, Makandida pakwakanga kwakasviba.’” Uye rwiyo rwudiki rwunoenderera mberi ruchitaura, kuti, “Ndinoda kutaurirana nezvazvo.”

48 Uye chinhu chakanaka kuti varume nevakadzi vepanyika ino, vambomira murwendo rurefu rwehupenyu, votaurirana naJesu, vova nechirairo naYe, mukuyanana. Ipapo hondo inobva yatanga, yemiwedzo zvese nekuyedzwa. “Mwanakomana wese anouya kuna Mwari, anofanira kuyedzwa.”

49 Zvino, Chirairo hachisi, hachipihwe nechinangwa chinofungwa nevanhu vazhinji kuti ndicho. Zvinodzidziswa nerimwe sangano rechechi, kuti chirairo chinonzi “shumiro pamunhu ave kufa,” kuti zvine chekuita neruponeso. Chirairo hachireveri ruponeso. Chirairo hachikupe ruponeso. Kunyange ukachitora murufu rwako, kana—kana kuti chii, hachinei nechekuita neruponeso rwako.

50 Irangaridzo. Jesu akati, muEvhangeri, Akati, “Itai izvi muchiNdirangarira.” Kwete, kuti zvakazembera kana kunongedza kuruponeso, asi zviru mukurangarira basa rakapedzwa rakaitwa mauri, neMweya Mutsvene. Irangaridzo.

51 Zvino kune vazhinji vanatora Chirairo vasina kuponeswa. Vazhinji vakadya gwayana repasika uye vakapararira murenje. Uye pane vazhinji vanatora Chirairo, nhasi, vasiri kuzombofa vakaona Mwari.

52 Asi haugone kuva mugoverani weruponeso rwaKe uye ukasaMuona, nekuti ruponeso chipo chaMwari. Uye Chirairo

irangaridzo yeChibairo chikuru, chakazvikwanira muna zvose chakaitirwa ruponeso irworwo. Ndechekuita kuti vanhu vaone kuti tinotenda murufu, kuvigwa, nemurumuko rwaIshe Jesu Kristu. Chinomiririra basa rakapedzwa.

⁵³ Ruponeso pane imwe nguva rwainge rwusina kukwana, mukupirisa mbudzi, makwai, tsiru, muTestamende Yekare, nekuti ropa reTestamende Yekare haraikwanisa kuyananisira chivi. Raigona bedzi kufukidzira chivi. Rwainongedzera kunguva apo parwaizopedziswa. Mangwana manheru tinofanira kupinda chaimo mazviri. Asi waingova mufananidzo chete.

⁵⁴ Asi Jesu paakauya, uye Ropa raKe rikadeurwa paKarivhari, kwaiva kusiyana nechivi zvachose. Izvozu zvakabvisa chivi. Ndiyo nzira bedzi yeruponeso. Hakuna kujoinha chechi, hakuna matsamba eruwadzano, hakuna rubhabhatidzo rwetsika, hakuna Chirairo, kana chimwe chinhu mutsika, kana chero chinyorwa chakasiiwa chaMwari, sezvinyorwa zvine chekuita neruponeso; zvese zviri mukurangerirwa kwebasa rakapedzwa!

⁵⁵ Rubhabhatidzo rwemumvura harwukuponese, sekufunga kunoita vanhu dzimwe nguva kuti rwunodaro. Rubhabhatidzo rwemumvura irangaridzo yerufu, kuvigwa, nekumuka kwaShe. Harwukuponesi.

⁵⁶ Chirairo chiri murangaridzo yekurwadziwa kwaKe kukuru nekubuda kwaKe, nemutumbi waKe wapwanyiya, neRopa raKe rakadeurwa. Harisi Ropa chairo, hausi mutumbi chaiwo; asi zviri murangaridzo yemutumbi waKe chaiwo, uye neRopa raKe rinokosha. Uye tinotora izvi sekuraira, uye Jesu akatiraira kuti tizviite. Chero bedzi Asingoripo, tinofanirwa kuchitora.

⁵⁷ Tine mufananidzo mukuru, wakanaka uri muBhuku, reTsamba yeVaHebheru, muchitsauko 7. Ndinoda kuverenga kanzvimbo kadiki chete muna VaHebheru 7, kuti tiwane chidzidzo chinofambirana neizvi.

Nekuti Merkizedheki uyu, mambo weSaremi, muprista waMwari wokumusoro-soro, akasangana naAbrahama achidzoka kundouraya madzimambo, ndokumuropafadza;

Uyo tateguru Abrahama akamupa chegumi... chezvose; uyo zvichidudzirwa pakutanga ari Mambo wekururama,...mushure mazvo Mambo weSaremi, anova, Mambo worugare;

⁵⁸ Cherechedzai, tinoda kudzokera shure, uye tofunga. Pauro pano ari kunongedza kune munhu ari muTestamende Yekare. MuBhuku raGenesi, tinotora hupenyu hwaAbrahama, kubva pachitsauko 12 chaGenesi. Mwari vachipa Abrahama vimbiso, uye kubudikidza naAbrahama kwaizouya Mbeu yakarurama. Zvino Abrahama, wakatendwa nevazhinji kuva muJudha, wakanga asiri. Abrahama akanga ari Murudzi, muKaradhea aibva kuguta reUri. Zvino akava muranda waMwari, kwete

nekuti akanga akasiyana nemumwe munhu wese, asi nekuda kwekusanangura kwaMwari.

⁵⁹ Hauponeswe nekuti uri munhu akanaka. Unoponeswa nekuti Kristu akakusarudza. Hakuna munhu anotsvaga Mwari; Mwari ndivo vanotsvaga munhu. Jesu akati, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga.” Uye kana tikakwanisa kumira kwechinguvana tocherechedza kukosha kukuru kwechinhu l ichocho, kuti vaiva Mwari Vakakusarudza, vasingadi kuti iwe uparare; asi vakapa kwauri mukana, uye vakakudana, nekusanangura kuti uve muranda waVo. Zvino, chii chingakosha kudarika izvozvo? Iwe uchinge usina sarudzo! Hazvingazogoneki zvachose kuti chero munhu atsvage Mwari, nekuti iye, pamasikirwo, mutadzi, uye haana chiri maari chinopa chishuvo chekuti ashumire Mwari.

⁶⁰ Ungaenda here kunguruve woiudza kuti iri kukanganisa? Inguruve, pamasikirwo ayo. Ungaiudze here kuti kudya kwayo kwakaipa? Zvirokwazvo kwete. Pamasikirwo, inguruve. Unofanira kuiudza kuti ive gwayana, asi yakagutsikana senguruve.

Uye mutadzi akagutsikana semutadzi, nokuti hunhu hwake ndehwe mutadzi.

⁶¹ Uye hezvinoi izvi! “Tose takaberekwa muchivi, tikaumbwa mukusarurama, tikauya panyika tichireva nhema;” pahunhu, mwana wekusateerera, asina Mwari, asina tariro, hashu dzaMwari dzakagara pamusoro pedu. Uye nenyasha dzerudo dzaKristu, Mwari, munyasha dzaVo dzekuzvitongera uye nehusamasimba hwaVo, vanogogodza pamoyo wako uye vokupa mukana wakaropafadzwa, uye nekukutendeutsa, nekukuisa munzira. Ungagozviramba sei izvozvo? Voshandura chishuvo chako chose, vokutendeudza, uye vokuita kuti utange neimwe nzira! Oo, uchava munhu akapusa, kunyika; asi uchange wakaropafadzwa, pamberi paMwari. “Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yekururama, nekuti vachagutswa,” akadaro Ishe wedu Jesu Kristu. Mwari, nenyasha dzaVo dzinoshamisa!

⁶² Cherechedzai, ndeizvo zvakaitwa naMwari, zvakananwa naMwari. Wakanga usina chido chekudana. Hawaigona kunge une chido chekudana, nekuti hunhu hwako hwaipesana naZvo zvachose. Asi Mwari, nekusanangura, vakakudana vakakutendeutsa, uye vakaisa zvido zvako kuna Kristu nezvinhu zviri Kumusoro. Ko tingaZviramba sei?

⁶³ Zvino Mwari vakaratidza, muna Abrahama, zvaVaizoitira vose. Vimbiso iyi yakaropafadzwa yerumuko neHupenyu Husingaperi haina kupihwa bedzi kuna Abrahama, asi kuMbeu yake mushure make, avo Vakadanwa, Vakasanangurwa naMwari.

64 Uye tinocherechedza kuti, Abrahama kunze munzvimbo kwaakagara semutorwa. Hama yake, akazvidana kudaro, Roti; chaizvo akanga ari mwana wake, mwanakomana wemunin'ina wake. Zvino nguva yakasvika yekuyedzwa. Uye Roti akapera simba ari pasi pekuyedzwa. Ndiye mufananidzo wakakwana wemutendi ari munyama nhasi. Pakauya miyedzo, kuti agare panyika isingabereki, Abrahama akamupa sarudzo yake. Roti ndokusimudza meso ake ndokuona minda, mupata, uye wainge wakazara nehushwa. Wakanga wakazarawo nedzimba dzakanaka. Wanga wakazara nekufarisa. Wanga wakazarawo zvakare nezvivi. Asi Roti, aine hunhu hwenyama, achida nyika yazvino kupfuura zvinhu zvichauya, akasarudza hake kurarama mumutambarakede muhupenyu huno, pane kuva neHupenyu mune ramangwana.

65 Abrahama, mufananidzo wakakwana wemutendi wechokwadi uyo akashambidzwa muRopa reGwayana, uyo aiva nezvido zvake zvakaiswa pazvinhu zviru kumusoro, akati, "Ndichatora nzira nevashoma vaShe vanozvidzwa. Zvisinei kana zvikanditorera mukurumbira wangu, chero zvazingatora, ndichatora nzira nevashoma vaShe." Zvino akasarudza kugara munyika yaakanga aiswa naMwari, pasi penguva yekuyedzwa.

66 Handizive manheru ano kana ndiri kutaura kuvanhu vakambotanga kufambira mberi naMwari, zvino, nguva yekuedzwa payakasvika, iwe wakasarudza here kudzokera munyika kunoita zvinhu zvemunyika, kana kuti wakatora nzira yekare yakakwasarara yeruponeso?

67 Wakaita here saMosesi, paaiva pasi pekuyedzwa, paakaisa tsoka yake pachigaro chehusha cheEgipita? "Asi, akaona pfuma yaKristu iri pfuma huru kudarika pfuma yose yeEgipita." Akasiya Egipita, haana kuita hanya kuti igoridhe rakawanda zvakadzi, kuti zvingani zvine mukurumbira. . . Akatora Mwari paShoko raVo uye ndokusiya zvinhu zveEgipita, akati kushorwa kwaKristu ipfuma hurusa kupfuura hupfumi hweEgipita.

68 Tinoitei pasi pekuyedzwa, kana miyedzo yakaoma yauya? Pavanoti nekuda kwekuti unozvipatsanura nezvinhu zvenyika, saka uri mupengo wechinamoto, kumanikidzwa kunouya here? Kunofanirwa kuuya, uye iwe unofanirwa kuita sarudzo.

69 Asi ini ndingasva hangu ndagara pasi pemumvuri waSamasimba, ndingasva hangu ndatora nzira yangu uye, saJakobho, ndova nechitsamiro chedombo. Ndingasva zvangu ndaonekwa nenyika, "semupengo," pane kuva nepfuma yese nemaropafadzo anogona kupihwa nenyika ino. Nekuti, maropafadzo aMwari makuru kupfuura pfuma yose nendarama nesirivheri zvenyika ino! Zvino cherechedzai.

70 Zvino pakauya miedzo mikuru, Roti akatonyura muzvivi. Rangarirai, akabva mugomo, ndokudzika achienda mubani. Akadzokera shure, se. . . Mumiririri akakwana weChikristu

chiri munyama nhasi, chinodaidzwa sekudaro, achisarudza kutora nzira yakareruka, hupenyu hwakapfava, pane kumira pachokwadi panguva yekuyedzwa. Zvino pakupedzisira akazopinda mudambudziko.

⁷¹ Uye uchadarowo, zvakare. Kana ukasarudza izvo zvakapfava zvakareruka, rangarira, uchapinda mudambudziko, chimwe chinhu. “Zvivi zvako zvichakuwana!” Uye Mwari vachabatana newe, rimwe zuva.

⁷² Zvino rimwe zuva mambo, madzimambo eMarudzi ematunhu makuru ekure, akapinda ndokutora Roti nevana vake, mudzimai wake nezvose zvaakanga anazvo, ndokutiza navo.

⁷³ Zvino rimwe zuva, shamwari yangu isina simba, kana ukasagara pasi peRopa, humambo hwaSatani huchakubata uye hugokutakura kure, kana ukasagara pasi peRopa.

⁷⁴ Zvino Abrahamama, mufananidzo wevakarurama, akanga akabatikana kwazvo nemwana wake, mumiririri weMukristu chaiye, wechokwadi akaiswa pamuyedzo nekuyedzwa, ndokuratidzwa pachena.

⁷⁵ Zvino, vakadzi vaiva nezvakawanda zvekuita nazvo. Mudzimai waRoti aiva munyama, munyama chaimo. Amire nhasi uno muminda uko, sechuru chemunyu, sechinyadzo, kune avo vanopfuura nepo.

⁷⁶ Sara, mudzimai akanaka, aida kuita izvo Mwari vaida kuti aite. Airemekedza murume wake; se, kutaura chaizvo kwatakaita pazviri manheru apfuura. Uye akagara naAbrahamama, zvisinei kuti chii chakauya kana kuenda. Akagara naye nekuti akagara nevimbiso. Ndiyo nyaya yacho.

⁷⁷ Zvino Roti paakanga atorwa, moyo waAbrahamama wakamunzwira. Zvino akaunganidza hondo yevaranda vake pachake, ndokutevera hama yake. Uye mufananidzo wakanaka kwazvo. Vakatora minondo yavo ndokutemera madzimambo iwayo pasi, kusvikira pasisina kana 1 wavo asara.

⁷⁸ Uye ndiwo mufananidzo wemuparidzi weVhangeri, paanoona kuti chivi chabata chechi yake uye chabata vanhu. Anotora Evhangeri yekare yakaropafadzwa, Munondo weMweya, uye anochitema agochitema, kusvikira abvisa chivi kubva muhechi yake, kana ari muranda waMwari wechokwadi. Anobvisa zvose zvisina maturo, makuhwa iwawo, kunyeya ikoko. Anobvisa zvinhu zvose izvozvo nehunhu hwenyama hwenyika hwakaverevedza huchipinda muhechi, kana ari muranda waMwari wechokwadi. Anotora Shoko, ozvitema kubva kune rumwe rutivi kuenda kune rumwe, kusvikira agura zvose zvabuda.

⁷⁹ Zvino ipapo akati atora Roti, hama yake yakadzokera shure, nevana, zvino akanga ari kuvadzosa pakuyanana, cherechedzai,

Mambo mukuru uyu akaburuka kubva kuJerusarema, ndokusangana naye. Merkizedheki! Aiva mhando yeMunhu akadini? Ainzi iye “Mambo weSaremi.” Zvinova, chero mudzidzi upi hake anoziva kuti *Saremi* yaiva “Jerusarema.” Yainzi Saremi isati yanzi Jerusarema. Ndiani Murume uyu akasangana naye, akafunga kuti akanga atora danho kwaro? Ndiani Munhu uyu akamira pedyo naye? Tarisai kuti ndiAni Uyu.

. . . Ndiye *Mambo weJerusarema*, uye ndiYewo *Mambo woRugare*;

Ndimba yechi 3:

Asina baba, asina mai, asina dzinza, asina kutanga kwamazuva, kana asina kuguma kwoupenyu; . . .

Ndiani uyu Muchinda mukuru akasangana naye mushure mekunge hondo yapera? Ngativhurei kuna Genesis, ndima 14 . . . chitsauko 14 uye ndima 18.

Zvino Merkizedheki mambo weSaremi akauya nechingwa newaini: . . .

. . . akachiropafadza, uye akati, Ngaaropafadzwe . . . Mwari wekumusoro-soro, muchengetedzi womatenga napasi: uye ngaaropafadzwe Abrahama anova muranda waKe.

⁸⁰ Mushure mekunge hondo yapera, mushure mekunge kukunda kwaitwa, mushure mekunge kucheneswa kwaitwa, Merkizedheki akasangana naAbrahama pamapani, ndokuuya nechingwa newaini, ndokuzvipa kwaari.

Uye ndiAni? Hakuna mumwe aive iye kunze kweUyo akasangana naAbrahama ringaita gore rakazotevera, akagara pasi pemuti akutaura naye.

⁸¹ Uye Merkizedheki mumwe cheteyo akati, “Handisi kuzotorazve zvechibereko chemuzambiringa kusvikira Ndachinwa patsva nemi, muHumambo hwaBaba vaNgu, mushure mekunge hondo yapera, kana kukunda kwaitwa.” Zvino tichachitora patsva muHumambo hwaVo, kana hondo yekupedzisira yarwiwa. Apo munondo wekupedzisira wauraya huipi hwekupedzisira hwepanyika, uye Chechi huru yaMwari mupenyu yakunda, Kristu achasangana navo muchadenga, nechingwa newaini, zvakare, uye otera Chirairo, uye noKusingaperi muHupo hwaBaba.

⁸² Oo, mufambi akaneta, manheru ano, dzoka Kumba kwaBaba. Buda muSodhoma! Wakayanani swa neRopa. Uye husiku hunobwinya uhwu hwechirangaridzo, apo Merikizedheki wedu mukuru, Uyo akanga asina mavambo emazuva kana magumo ehupenyu, asi ndiMambo neMuchinda nekusingaperi-peri.

⁸³ Mweya Mutsvene pano manheru ano uri kukwezva avo vasina kuponeswa, zvino kana usina Kristu manheru ano.

Uye kana hondo ichinge yapera, kana uchida kusangana naYe murugare uye wotora Chirairo pamwe naYe, uye wakavimbisa kuti unoMuda, uye wozvipatsanura kubva kuzvinhu zvenyika. Wotora Vhangeri rekare rakakwasharara nenzira yechinyakare yakakwasharara, uye wonwa mukombe wekuvava kwekutambudza kwenyika, nekunwa mushonga unovava wekutambudza kwenyika; zvakapihwa kwatiri neBhaibheri kuti tichanwa waini dzinotapira dzeKudenga rimwe zuva, patinosangana naYe murugare mhiriko pakati peMatenga nenyika, paAnouya kuzopa Chirairo. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

⁸⁴ Dai moyo yedu yafungisisa pazviri, “Ndichainwa patsva nemi, muHumambo hwaBaba vaNgu.” Kana Akauya imwe Esta isati yasvika, kana ukafa imwe Esta isati yasvika, hazvizodzivisa chiitiko chikuru ichocho. Nekuti ndinoti, neShoko raShe, kuti avo vakarara muna Kristu vachatanga kumuka. Uye isu vapenyu uye vakasara tichabvutwa pamwe navo, pamwe chete, muchadenga, kunosangana naShe. Uye Merkizedheki mukuru weKudenga, Mambo kwete weJerusarema repanyama, asi Mambo weJerusarema reKudenga, Jerusarema Idzva, achasangana nesu, uye tichapihwa zvakare waini nechingwa.

⁸⁵ Manheru ano tichatora micherechedzo yazvo. Tinofanira kuzviita kusvikira taMuwana achiuya zvakare. Dai tikawanikwa takatendeka tichikotamisa misoro yedu kwechinguvana, kuti tinamate.

⁸⁶ Munhu wese akangonyarara chaiko, munguva ino yakadzama, tsvene. Zviri nyore sei kurega zvinhu izvi zvichitsvedza! Bhaibheri rakati, “Kuti tirege kusiya zvinhu izvozvo zvichitsvedza, uye toshaya hanya neruponeso rukuru rwakadai.” Zviri nyore kuzvikanganwa. Hatiuye kuchechi kuti tizoonekwa. Hatiuye kuzonzwa kuimba kwakanaka kana mharidzo yakanaka. Tinouya kuchechi kuzonamata, kunamata Mwari.

⁸⁷ Uye mumwe nemumwe wedu, mitumbi yedu inofa ine mweya uchazosangana naYe rimwe zuva. Uye pamanheru anoteverwa nezuva guru rekurovererwa uku, mukurangerira kuenda kwaKe, manheru ano, kana usiri Mukristu, usati wambogamuchira Kristu muhupenyu hwako seMuponesi, wagutsikana zvakakwana here nekuparidzwa kweShoko, uye Mweya Mutsvene umire pedyo newe here kuti ugoti, “Une mhosva. Zvino tendeuka uye utange neimwe nzira?” Ungaratidza zvimwe chetezvo here nekusimudza ruoko rwako, uchiti, “Hama Branham ndinamatirewo. Ndinokumbirisa minamato yenyu zvino kuti Mwari vandinzwirewo tsitsi?” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Ungasimudze ruoko rwako here tichakamirira? Mwari vakuropafadzei, changamire. Mumwe munhu zvakare?

Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadze, mudiki. Mwari vakuropafadzei. Mumwe munhu anga . . . ? Mwari vakuropafadzei, amai.

⁸⁸ Unoti, “Hama Branham zvine zvazvinoreva here kusimudza ruoko rwangu?” Ungori musiyano pakati perufu neHupenyu. Chii chimwe chikuru kupfuura Hupenyu? Unoda . . . unotarisa zvisikwa. Unozvida; unotovenga kubva pazviri.

⁸⁹ Mhiri kwemugwagwa, pano, apo mudzimai wemunin’ina wangu akanga achifa, mamwe mangwanani makore mazhinji apfuura, apo Ruth anonzwise urombo akasimudza musoro wake, zvino paiva nekadhimba kakagara mumuti wemucherry, zvino aida kukaona kamwe chete zvakare. . . Aida zvisikwa kwazvo. Asi rimwe zuva pachauya Jesu, achanzwa shiri dzemuna Ziyendanakuenda dzichiimba. Maruva asingafi achange achikura. Hakusi kuzova nehurwere, kusuwa, kana rufu, nekuti akaita rugare rwake naMwari uye akagamuchira Kristu mukuru Akamufira. Nechivimbo chakaropafadzwa ichi Chisingakundike, Shoko rakaropafadzwa raMwari Vasinganyepi, rakavimbisa Hupenyu Husingaperi kune avo vanotenda. Paunosimudza ruoko rwako, zvinoratidza kuti mweya uri mukati mako waita sarudzo. Mwari vakuropafadzei, amai.

⁹⁰ Chimwe chinhu chiri mauri, mwe—mweya . . . Nemasikirwo maoko ako akagadzirwa kuti arembere pasi, uye paunosimudza ruoko rwako unotyora mirawo chaiyo yesimba rinodhonzera pasi. Chinofanira kunge chiri chemweya. Zvino—zvinopesana nesainzi . . . kupesana nezvinhu zvose zvesainzi kuti iwe utyore mirawo yesimba rinodhonzera pasi. Hazvigone kuitwa kunze kwekunge pane chimwe chinhu chemweya. Maoko ako anongoramba akarembere pasi. Asi kana, mumoyo mako, uchitenda nyaya yeEvhangeri uye waita sarudzo yako husiku huno, kuti wapedza nechivi, uye munzira yakanaka iyi kuenda kuKarivhari apo mangwana, nenguva dza 3 o’clock, mukurangarira, tinopemberera zuva iro Jesu akafira ruponeso rwako . . . Uye iwe wafunga zvakakwana pamusoro pazvo uye Mweya Mutsvene wauya ukagogodza pamoyo wako uye iwe zvino wazvigamuchira . . .

⁹¹ Unongo . . . chimwe chinhu mumoyo mako ndokuti, “Simudza ruoko rwako.” Zvinoratidza kuvanhu, nekuna Mwari, kuti unozvitenda nekuzvigamuchira. Mwari vakuropafadzei, imi mose vana vaduku: 3 kana kuti 4 vavo vari pano paartari, vakomana nevasikana vadiki vangangoita makore 8, 10 ekuberekwa, vose vakasimudza maoko avo panguva imwe chete. Jesu akati, “Regai vana vaduku vauye kwaNdiri. Musavadzvisa, nekuti Humambo ndehwevakadai.” Pachine mumwe here tisati tanamata?

⁹² Mwari vakuropafadzei, amai. Ndicho chaicho . . . Munogona

kunge makaita zvinhu zvakawanda, amai, muhupenyu. Changa chiri mazvirokwazvo; ndinokutendai kuva muri mudzimai aka—akatendeka. Uye rangarirai, hamaigona kunge masimudza ruoko rwenyu, hanzvadzi mudikani, kunze kwekunge chimwe chinhu mukati menyu, chimwe chinhu pakadzika-dzika mamuri chatura kuti, “Ita izvozvo.” Zvingaratidzike sehupenzi zvishoma zvino kupfungwa yenyama, asi hama, nezuva iroro apo chiremba anofamba achibva pamusiwo uye oti, “Hapasisina apa.” Paanoenda achibva patsaona iyoyo uye odhonzera kamutumbi kako kadiki kunze, ropa richiyerera nehana yako ichirovera pamusoro, “Hapachina chikonzero chekuedza kuvabatsira; vaenda.” Oo, ini zvangu. Uye neshungu muawa imwe chete uchaedza kutendeuka, uye Mwari voti, “Mumatambudziko ako Ndinongogona bedzi kuseka.” Asi uchiri kugara mupfungwa dzako dzakakwana, iwe uchiri. . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

⁹³ Baba, tichiunza mharidzo ino pakunovhara, uye negoho revanhu vangangosvika 15, vakasimudza maoko avo, vanga vari vatadzi hupenyu hwavo hwese. Uye zvino, nenyasha, Mataura navo, mukavatendeutsa uye mukavaita kuti vatarise kuKarivhari, nekunzwa Mashoko iwayo anobva mumiro mo yeMwanakomana waMwari, “Baba, varegerereiwo, vanga vasiri kuziva zvavanga vachiita.” Asi manheru ano vagamuchira Vhangeri. TinoMunzwa achiti, mazuva mashoma ekumashure kweizvi, “Uyo anonzwa Mashoko aNyu, uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi; uye haangapinde mukutongwa, asi abva murufu kuenda kuHupenyu.” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

⁹⁴ Tinovaunza kwaMuri manheru ano, Ishe, sevana veNyu. Dai maropafadzo eNyu eKusingaperi azorora pamusoro pavo, nemuZita raKristu tinonamata. Dai vakauya Svondo mangwanani, vakatakura hembe dzavo, vachiti, “Ndinoshuva kupupura pachena kune nyika ino, kuti ndiri mutendi. Ini zvino ndiri kushuvira kubhabhatidzwa muZita raIshe Jesu Kristu; ndichidana kwaAri kuti andizadze neMweya Mutsvene, uye agondichengeta muhupenyu.”

⁹⁵ Ropafadzai madzimai echidiki aya, majaya aya, vatana, vana vaduku, navose, vachengeteiwo, Baba, ndeveNyu. Uye muzvibereko zvemharidzo ino manheru ano, ndinovaunza kwaMuri, sezvibereko. Uye vari muruoko rweNyu, sezvipo zverudo zvinobva kuna Mwari, Baba. Ndinonamata kuti Muvachengete mukati mehupenyu. MuZita raJesu ndinonamata. Amenii...?...

⁹⁶ Tinofara zvikuru kuva nemi pano manheru ano, uye tinofara kuti mauya. Zvino mangwana manheru, Mharidzo yedu ndeye, mangwana manheru, pamusoro pekuti: *Kukwaniswa Kwemutendi*. Uye zvino huya, huya nemumwe munhu pamwe newe, kana kuchechei kwenyu kusina shumiro.

⁹⁷ Uye zvino tichava neChirairo. Pamwe vamwe venyu... Ndagoti nonokei zvisoma, maminetsi mashoma, uye tichabuditsa avo vanofanira kuti vaende.

⁹⁸ Uye avo vanoda kusara kuti vatore Chirairo neKugezana tsoka nesu, tinotenda zvirokwazvo mukuita chirevo chese chakasiwa naJesu kuti tiite. Uye kana Akauya muchizvarwa changu, uye akanditendera kuti ndigare mupfungwa dzangu dzakakwana nekuchengeta rudo rwaKe mumoyo mangu, ndichange ndichiedza nepandinogona napo kuita chimwe nechimwe chazvo, uye ndowanikwa ndakatendeka panzvimbo. Mwari vakuropafadzei zvino.



CHIRAIRO SHO57-0418
(The Communion)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZERUMUTSIRIRO RWEPEESTA

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu China manheru, Kubvumbi 18, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org